

# Ranbousman pou Dèlko ak Goyin pou sivivan Siklòn Laura yo

---

Release Date: Sep 10, 2020

Sivivan yo ki te achte oswa lwe yon dèlko ak/oswa yon goyin nan kad siklòn Laura ka anmezi pou resevwa ranbousman FEMA.

FEMA pa kapab ranbouse ekipman yon lòt sous te peye, tankou manje pwopriyete kay la, oswa lòt kalite asirans. Peman doub oswa ranbousman pou asistans oswa nenpòt lòt sous jan li entèdi pa lalwa.

Sivivan ki entere nan ranbousman pou dèlko ak/oswa goyin nan FEMA dwe enskri anvan. Ou ka fè sa lè ou ale anliy nan [disasterassistance.gov](https://disasterassistance.gov), telechaje aplikasyon mobil la nan FEMA oswa rele liy èd FEMA nan 800-621-3362 oswa TTY 800-462-7585. Operatè ki pale plizyè lang yo disponib. Moun sila yo ki itilize 711 oswa Sèvis Relè Videyo ka rele 800-621-3362.

- Aplikan an reponn a egzijans elijiblite jeneral pou Pwogram Kay ak Moun FEMA.
- Kay la se rezidans prensipal aplikan an e li lokalize nan yon pawas ki fèt pou Pwogram Kay ak Moun. Nan dat 8 Septanm, pawas ki deziyen yo se Acadia, Allen, Beauregard, Calcasieu, Cameron, Grant, Jackson, Jefferson Davis, Lincoln, Morehouse, Natchitoches, Ouachita, Rapides, Sabine, Union, Vermilion, Vernon ak Winn.
- Ou te achte oswa lwe dèlko a akoz yon deranjman nan sèvis piblik elektrik Siklòn Laura te koze.
- Prèy acha oswa resi lokasyon pou atik yo aplikan an soumèt.



**FEMA**

Page 1 of 2

- FEMA ka ranbouse jiska \$449 pou dèlko yo ak jiska \$179.99 pou goyin yo.

/

- Sivivan yo pa ta dwe janm itilize yon dèlko andedan kay la, garaj, sousòl, espas limite oswa nenpòt kote ki fèmen an pati. Kenbe aparèy sa yo deyò, lwen de pòt yo, fenèt ak kondwit yo ki kapab pèmèt monoksid kabòn antre andedan kay la.
- FEMA ka ranbouse aplikan yo tou pou atik ki annaprè yo: detektè lafimen ak monoksid kabòn, dezimidifikatè, imidifikatè ak radyo pou move tan.



**FEMA**

Page 2 of 2